



Prezantasyon NYC Teenspace – Sipò gratis pou sante mantal pou elèv ki gen laj 13-17 ane

Chè Nouyòkè,

Dènye jou sa yo, lè w ap mache nan koulwa yon lekòl oswa chita nan yon salklas, pandemi Covid-19 la bay enpresyon yon bagay ki pase lontan sa. Yo pa kite gwo espas ant biwo yo ankò. Yo pa mete mask menm jan an ankò. Byenke enpak pandemi an parèt mwens vizib—men li toujou akablan—nan yon fason patikilyè lè li konsène sante mantal.

Pou anpil elèv, santiman lapenn, izolasyon, ak enkyetid toujou la. Epi enpak sosyal emosyonèl sa yo kapab parèt pi evidan pami elèv ki pi gran nou yo, k ap simonte tou defi adolesan rankontre chak jou yo, soti nan presyon bò kote kamarad yo rive nan presyon rezo sosyal.

Donk, mwen vle simaye nouvèl konsènan [NYC Teenspace](#), yon nouvo inisyativ tounèf y ap ofri atravè Depatman Sante vil la epi [Talkspace](#) sipòte. Atravè NYC Teenspace, nenpòt moun ki gen laj 13 rive 17 ane ki abite nan Vil Nouyòk ka resevwa sipò gratis sou entènèt pou sante mantal nan men terapris ki gen lisans pou sa, nan plis pase 30 lang (epi gen tradiksyon ki disponib nan anpil lòt ankò). Depi yo fin bay elèv yo yon terapris, y ap ka konekte avèk li atravè tèks mesaj san limit ak apèl videyo chak mwa, epi tou jwenn aksè nan lòt resous sante mantal.*

Mwen ankouraje fanmi yo [jwenn plis enfòmasyon](#) epi [enskri pitit ou a](#) jodi a. Ou ka patisipe tou nan yon [seminè k ap bay enfòmasyon](#) sou NYC Teenspace 5 desanm.

Sipò Vil nou an pou byennèt sosyal ak emosyonèl elèv yo pa sispann la. Lekòl nou yo ofri yon pakèt opsyon swen, menm pou elèv ki pa nan tranch laj NYC Teenspace la. Espesyalman, chak lekòl gen aksè pou yon travayè sosyal, konseye, klinik sante mantal nan yon lekòl, oswa sipò sante mantal sou plas nan men yon òganizasyon kominotè. (Pou fanmi konnen kisa ki disponib pou pitit yo, yo ka sèvi avèk [zouti rechèch](#) nou an pou chwazi lekòl pitit yo a, epi klike sou meni sante mantal ak byennèt la.) Epi nan tout lekòl nou yo, yo te ofri pwofesè fòmasyon sou prizkonsyans. Gade videyo ki pi ba a pou w wè prizkonsyans an aksyon nan P.S./M.S. 108 nan East Harlem!

Malgre kounye a nou gen yon vaksen pou Covid limenm, men pale sou kantite moun ki mouri ak estrès pandemi an bay pa yon bagay senp. Gerizon mande tan ak sipò. Se poutèt sa mwen rekonesan anpil pou inisyativ NYC Teenspace Depatman Sante a. An nou travay ansanm pou fè resous sa a disponib pou plis timoun posib.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

*Fanmi, tanpri sonje: NYC Teenspace se pa yon liy dirèk pou kriz. Si yon elèv nan sitiyaasyon kriz oswa andanje, rele 988 (liy telefòn pou suisid ak kriz) oswa 911 pou èd imedyat nan ka ijans.

Videyo aktyalite nou an:



Pou tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouèl sou NYCPS ki pi resan an.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouèl PS+You a ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).